

**PANGAJARAN NGEMBANGKEUN HIKAYAT KANA BENTUK CARITA PONDOK
NGANGGE PADIKA SUGESTI IMAJINASI PIKEUN MURID
KELAS X SMA PASUNDAN 8 BANDUNG
TAUN PANGAJARAN 2019/2020**

ku

YOGI GUNAWAN SUGIYO

155030012

Universitas Pasundan

Bandung

RINGKESAN

Panalungtikan ieu dipigawe dumasar landasan masalah dina kabahasaan hususna dina katarampilan nyerat carita. Masalah anu kasebat dialaman ku murid anu ngabogaan kahese sarta kirang kasedep waktos nyeratkeun carita, seratan kasebat anu pakakait sareng carita. Tujuan panalungtikan ieu nyaeta kanggo tiasa terang pangabisa nu nalungtik dina ngarencanakeun, milampah sarta ngevaluasi pangaja-ran ngembangkeun hikayat kana bentuk carita pondok kalawan ngange padika sugesti imajinasi; terang pangabisa murid kelas eksperimen dina pangajaran ngembangkeun hikayat kana bentuk carita pondok kalawan ngangge padika sugesti imajinasi dibandingkeun kelas kontrol; terang kening diajar murid kelas eksperimen dina pangajaran ngembangkeun hikayat kana bentuk carita pondok kalawan ngagunakeun padika sugesti imajinasi dibandingkeun kelas kontrol; terang kaefektifan padika sugesti imajinasi dibandingkeun padika artikulasi. Padika anu dipake dina panalungtikan ieu teh nyaeta eksperimen semu (Quasi Eksperimen). Teknik ngumpulkeun data anu diangge nyaeta: panalungtikan pustaka, observasi, uji cob, tes, sarta analisis. Sedengkeun kening panalungtikan, nu nalungtik sanggem dina ngarancanakeun pangajaran kalawan menang peunteun saageng 3,8 anu penteuna kalebet sae pisan sarta sanggem milampah sarta mengevaluasi pangajaran kalawan meunang penteun 3,5 sae pisan. Pangabisa sarta kening peserta didik kelas eksperimen langkung luhur dibandingkeun kelas kontrol kalawan rata-rata peunteun pretest anu ditampi saageung $58.10 > 46.03$ sarta kening rata-rata peunteun postes saageng $82.76 > 66.72$. Kening diajar murid kelas eksperimen langkung luhur dibandingkeun kelas kontrol kalawan ditingali ti kening Uji Mann-Whitney (Gain) anu ngabuktoskeun signifikansi 0,000. Lamun peunteun sig $0,000 < 0,05$, mangka hipotesis panalungtikan tiasa ditampi.

Kecap Konci: *Eksperimen, sugesti imajinasi, ngembangkeun, hikayat, carita-pondok.*